

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Métode panalungtikan dina enas-enasna mah mangrupa cara ilmiah pikeun nyangking data. Hartina panalungtikan dilakukeun dumasar kana ciri paélmuan. Ciri-ciri paélmuan téh nya éta rasional, émpiris, jeung sistematis. Rasional hartina kagiatan panalungtikan dilakukeun sacara asup akal, ku kituna bisa kahontal ku pikiran manusa. Émpiris hartina kagiatan panalungtikan bisa dilakukeun tur ditempo ku indra manusa. Sistematis hartina kagiatan panalungtikan anu dilakukeun ngagunakeun léngkah-léngkah anu tangtu tur sipatna logis (Sugiyono, 2017, kc. 1-2) .

Sugiyono (2017, kc. 8-9) nétélakeun yén métode kualitatif nya éta métode anu hasil panalungtikanana dumasar analisis data. Analisis data téh dumasar fakta anu kapanggih di lapangan. Métode kualitatif digunakeun pikeun nyangking data nu miboga ma'na. Nu disebut ma'na nya éta data sabenerna, ku kituna métode kualitatif mah leuwih nekenkeun kana ma'na.

Galur anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku wawancara, transliterasi naskah tina aksara Arab Pégon kana aksara Latén, studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, jeung analisis data.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Hartina ngagambarkeun proses panalungtikan ti mimiti dilaksanakeun nepi ka proses ngolah datanna. Arikunto (2010, kc. 23) nétélakeun désain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Léngkah-léngkah nu dilakukeun dibagankeun saperti di handap.



**Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan**


### 3.1.1 Sumber Data jeung Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah "Wawacan Tauhidullah". Ditulis dina aksara Arab Pégon. Eusina diwangun dina wangun pupuh. Pupuh anu aya dina naskah di antarana nya éta asmarandana, kinanti, sinom, maskumambang, magatru, jeung dangdanggula. Basa anu dipaké nya éta basa Sunda. Kandelna naskah 80 kaca (66 kaca ngeunaan eusi wawacan Tauhidullah, 9 kaca ngeunaan élmu kama'rifatan, 5 kacana leungit, 1 kaca ngeunaan doa qunut).


Indriani Jaena, 2023

*AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN TAUHIDULLAH (Ulukan Filologi & Struktural)*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Naskah ditulis ngagunakeun aksara Pégon. Pikeun téks anu teu kabaca, satuluyna bakal ditulis ku simbol pananya (?). Dina jilid naskah ditulis judulna “Wawacan Tauhidullah”, ieu naskah téh dipimilik ku Bapa Chandra Purnama Komara (Pa Cécép, 42 taun), anu padumukannana di Kampung Néglasari RT/RW 02/04 No. 9 Désa-Kecamatan Ciwidéy. Pikeun data struktural jeung ajén kaagamaan dina ieu panalungtikan nyoko tina 66 kaca ngeunaan eusi wawacan Tauhidullah. Di handap bisa katitén sabagéan foto tina eusi naskah.



Gambar 3. 2 Naskah Kaca  
Mimiti



Gambar 3. 1 Naskah Kaca  
Tengah



Gambar 3. 3 Naskah Kaca Pamungkas

### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, digunakeun sababaraha cara pikeun ngumpulkeun data. Di antarana ngaliwatan studi pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi (Sugiyono 2017, kc. 240). Studi pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data struktur formal, struktur naratif, jeung ajén kaagamaan. Wawancara mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara nyangking katerangan asal-usul naskah jeung waruga naskah. Dokumentasi mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara ngafoto waruga naskah ti kaca mimiti nepi ka kaca pamungkas.

#### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data geus kakumpulkeun, satuluyna diolah ngagunakeun téhnik analisis sacara langsung. Tata cara nganalisisna dipedar saperti di handap.

- 1) Midangkeun transliterasi naskah “Wawacan Tauhidullah”;
- 2) Ngaguar struktur formal jeung struktur naratif “Wawacan Tauhidullah”
- 3) Ngaguar ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Tauhidullah”.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan penting pisan diperlukeun pikeun ngarojong panalungtik sangkan bisa nyangking informasi anu diperlukeun. Dina ieu panalungtikan, instrumen anu digunakeun nya éta padoman wawancara, kartu data pikeun nataan data analisis struktur formal jeung naratif, ogé ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Tauhidullah”. Format padoman wawancara, bisa katitén dina tabél di handap.

#### a) Padoman Wawancara

**Tabél 3. 1 Padoman Wawancara**

1. Judul Naskah	
a. Dumasar naskah asli	: Wawacan Tauhidullah
b. Dumasar nu katulis dina naskah	: Wawacan Tauhidullah
2. Nu Ngarang naskah	
a. Ngaran	: -
b. Umur	: -
c. Pakasaban	: -
d. Padumukan	: -
3. Nu Boga Naskah	
a. Ngaran	: Pa Chandra Purnama Komara
b. Umur	: 42 th
c. Pakasaban	: Guru
d. Padumukan	: Ciwidéy
4. Konteks Naskah	
a. Asal-usul naskah	: Dijieun dina taun 1338 H (1920)
b. Alat nu dipaké	: Grip
5. Pungsi Naskah	
a. Baheula	: Pikeun bahan pangajaran kaagamaan, sarta ngaronjatkeun katauhidan ka Allah Swt.
b. Ayeuna	: Pikeun bahan pangajaran kaagamaan, sarta ngaronjatkeun katauhidan ka Allah Swt.
6. Aksara	: Arab Pegon
7. Basa	: Sunda
8. Wangun téks	: Wawacan
9. Jumlah kaca	: 80
10. Jumlah pada	: 305
11. Bahan	: Papirus
12. Jumlah padalisan	: 2229

Indriani Jaena, 2023

*AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN TAUHIDULLAH (Ulukan Filologi & Struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

13.	Warna kertas	:	Coklat
14.	Warna tinta	:	Hideung, bungur
15.	Kondisi fisik naskah	:	Weweg
16.	Jelas henteuna tulisan	:	Jelas
17.	Ruang tulis	:	14 x17,5 cm
18.	Ukuran naskah	:	16,5 x 21 cm
19.	Alat tulis	:	Grip
20.	Ukuran aksara	:	0,5 -1 cm
21.	Jumlah pupuh	:	6 pupuh
22.	Jumlah baris unggal kaca	:	12 jajar
23.	Kaayaan tulisan	:	Kabaca

**b) Tabél Struktur Formal Naskah “Wawacan Tauhidullah”**

**1) Leuwih jeung Kurangna Engang**

**Tabél 3. 2 Conto Format Data Leuwih jeung Kurang Engang**

No	Kanto	Pada ka-	Padalisan ka-	Leuwih	Kurang
1.	I	1	3		2
2.			6	1	

Katerangan

I : Nomer Pupuh

Pada : Pada dina pupuh

**2) Sasmita Pupuh**

**Tabél 3. 3 Conto Format Data Sasmita Pupuh**

No	Pupuh Saméméhna	Pada	Pupuh Satuluyna	Sasmita Pupuh
1.	II. Asmarandana	38	Sinom	“nu anom sing sabar heula”

Katerangan:

II : Nomer Pupuh

Asmarandana : Pupuh

38 : Pada dina pupuh

c) **Tabél Struktur Naratif Naskah “Wawacan Tauhidullah”**1) **Tokoh****Tabél 3. 4 Conto Data Analisis Tokoh/Palaku**

No	Palaku	Kode data	Cutatan	Pada ka-
1.	Séh Tauhid/ Séh Tohid	I/8/1/P	Geus parantos solatna <b>Séh Tauhid</b> , teras angkat ka bumina, ti dinya nyaurna alon, ka puterana anu lucu,	2, 4, 6, 11, 12, 26, 48, 51, 54, 58, 61, 64, 234, 274, 294, jeung 298 (disebutkeun 25 kali)

Keterangan kode data:

I : Kanto (nomer pupuh)

8 : pada

1 : kaca

P : Palaku

2) **Galur****Tabél 3. 5 Conto Data Analisis Galur**

Galur		Keterangan
1) <b>Épisode ka-1 Bubuka carita ngawanohkeun Séh Tauhidullah.</b>	a) Ngawanohkeun Séh Tauhidullah b) Ngawanohkeun Murta Sari	

3) **Latar/setting****Tabél 3. 6 Conto Data Analisis Latar Tempat**

No	Latar	Kode data	Cutatan Padalisan
1.	di masjid	I/6/1/LT	Waktu éta Séh Tauhid linggih, linggihna téh <b>di masjid</b> nyalira, damelna téh keur ngaos baé, kaburu waktu duhur, ngaosna ditunda deui, margi badé solat heula, teras angkat gura-giru,

Indriani Jaena, 2023

*AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN TAUHIDULLAH (Ulukan Filologi & Struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Latar	Kode data	Cutatan Padalisan
			kana jamban eunggeus dongkap, caina téh hérang caina téh ku hérang bening, Séh Tauhid nya teras ngebak.

Keterangan kode data:

I : Kanto (nomer pupuh)

6 : pada

1 : kaca

LT : Latar Tempat

#### d) Analisis Ajén Kaagamaan

##### 1) Akidah

Ajén akidah ngawengku rukun iman anu genep, di antarana iman ka Gusti Allah, ka malaikatna Allah, kana kitabna Allah, ka Rosulna Allah, kana poé ahir, jeung iman kana qada qadar. Di handap aya conto kartu data ajén akidah.

**Tabél 3. 7 Conto Kartu Data Ajén Akidah**

No	Ajén	Kode data	Kapanggih ogé dina pada	Sumber Al-Quran & As-Sunnah/Al Hadits
1.	Iman ka Gusti Allah	VIII/150/AK	151	Q.S Al-A'raf ayat 54.

Keterangan kode data:

VIII : Kanto (nomer pupuh)

150 : pada

AK : Akidah

##### 2) Ibadah

Ajén ibadah ngawengku rukun Islam anu lima perkara, di antarana sahadat, solat, puasa, jakat, jeung haji. Di handap aya conto kartu data ajén ibadah.

**Tabél 3. 8 Conto Kartu Data Ajén Ibadah**

No	Ajén	Kode data	Kapanggih ogé dina pada ka-	Sumber Al-Quran & As-Sunnah/Al Hadits
1.	Sahadat	V/84/IB	120, 121, jeung 174.	Q.S Ali-Imran ayat 18.

Indriani Jaena, 2023

*AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN TAUHIDULLAH (Ulukan Filologi & Struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Keterangan kode data

V : Kanto (nomer pupuh)

84 : pada

IB : Ibadah

### 3) Ahlak

Ajén ahlak ngawengku ahlak manusa ka Gusti Allah, ka sasama muslim, jeung sajabana. Di handap aya conto kartu data ajén ahlak.

**Tabél 3. 9 Conto Kartu Data Ajén Ahlak**

No	Ajén	Kode data	Kapanggih ogé dina pada ka-	Sumber Al-Quran & As-Sunnah/Al Hadits
1.	Muji jeung inget ka Gusti Allah	V/80/AH	303.	Q.S Al-An'am ayat 1. HR. Bukhari.

Keterangan kode data

V : Kanto (nomer pupuh)

80 : Pada

AH : Ahlak

## DAPSTAR PUSTAKA

- Ajat, S. (2016). *Dinul Islam Pendidikan Agama Islam di Perguruan Tinggi Umum*. UNY Press. unyppress.yogyakarta@gmail.com
- Aminuddin. (2002). *Pendidikan agama Islam untuk perguruan tinggi / Aminuddin, dkk.* 45.
- Arikunto. (2010). *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Rineka Cipta.
- Attas, & Sitti. (2017). *Pengantar Teori Filolog*. LPP Press Universitas Negeri Jakarta.
- Bakhtiar, N. (2018). *Pendidikan Agama Islam di Perguruan Tinggi Umum* (Vol. 4, Nomor 1). Aswaja Pressindo.
- Baried, S. B., Soeratno, S., Sawoe, Sutrisno, S., & Syakir, M. (1985). *Pengantar Teori Filologi*. Pusat dan Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Danadibrata, R. A. (2015). *Kamus Basa Sunda*. Panitia Penerbitan Kamus Basa Sunda.
- Harahap, N. (2021). *Filologi Nusantara Pengantar Ke Arah Penelitian Filologi*. Kencana.
- Hayati, A. (2018). Naskah Sajarah Cirebon: Transliterasi dan Analisis Nilai Moral. *Lokabasa*, 9, 1–10.
- Isnendes, C. R. (2010). *Kajian Sastra Aplikasi Teori & Kritik*. Daluang Publishing.
- Isnendes, C. R., Narudin, & Toyidin. (2018). *Teori Sastra Kontemporer*. UPI Press Anggota APPTI.
- Koswara, D. (2010). *Sastra Sunda Buhun*. Jususan Pendidikan Bahasa Daerah.
- Maulana, R. (2022). Naskah Paririmbun Tatanen. *Jaladri*, 8(1), 11. <http://jurnal.upmk.acid/index.php/jaladri/>
- Panambunan, I., Badaruddin, S., & Kuswarini, P. (2022). Analisis Strukturalisme Robert Stanton Dalam Novel Tentag Kamu Karya Tere Liye. *Journal of Education and Language Research*, 1(2013), 1417–1430.
- Rahman, & Nurjanah, N. (2021). *Arab Pegon Maca Jeung Nulis* (I). Alqaprint Jatinangor. alqaprint@yahoo.co.id

- Ruhaliah. (2012). *Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacaran, dan Pegon*. JPBD FPBS Universitas Pendidikan Indonesia.
- Ruhaliah. (2018). *Wawacan Sebuah Genre Sastra*. Pustaka Jaya.
- Ruhaliah. (2019). *Sajarah Sastra Sunda*. UPT Penerbitan dan Percetakan- Universitas Pendidikan Indonesia. <http://upipress.upi.edu>
- Ruhaliah. (2020). *Filologi Ti Bihari Ka Kiwari*. UPI Press. <http://upipress.upi.edu>
- Septian, E. P. (2016). Wawacan Siti Permana Karya M.K. Mangoendikaria (a Structural and Anthropological Literature Study ). *Lokabasa*, 7(1), 26–34.
- Shaleh, Q., Dahlan, & Rusamsi, Y. (2017). *Al-Quran Tarjamah Sunda*. Penerbit Diponegoro.
- Stanton, R. (2012). *Teori Fiksi Robert Stanton*. Pustaka Pelajar.
- Sugiyono. (2017). *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R & D* (cetakan ke). Penerbit Alfabeta Bandung. [alfabetabdg@yahoo.com](mailto:alfabetabdg@yahoo.com)
- Suherman, A. (2017). Wawacan Pandita Sawang sebagai Naskah Keagamaan: Tinjauan Kedudukan dan Fungsi. *Manuskripta*, 7(2). <https://doi.org/10.33656/manuskripta.v7i2.93>
- Suwanto, Y., & Winarni, E. T. (2014). Sasmita Tembang Macapat (Suatu Kajian Pragmatik). *Prosiding Seminar Nasional PRASASTI (Pragmatik: Sastra dan Linguistik)*, 284–290. <https://jurnal.uns.ac.id/prosidingprasasti/article/view/516/478>
- Suyono, I. (2017). Aqidah Akhlak. *Jurnal Ilmiah*, 10(2), 100–141.
- Umar, B. (2012). *Hadis Tarbawi*. Amzah Imprint Bumi Aksara.
- Une, D., Bashoan, A., & Tamu, Y. (2017). Pelaksanaan Pendidikan Agama Islam di Perguruan Tinggi. In *EDUKASI: Jurnal Penelitian Pendidikan Agama dan Keagamaan* (Vol. 2, Nomor 1). Penerbit Ideas Publishing. <https://doi.org/10.32729/edukasi.v2i1.354>